

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab baris dipedar ngeunaan (1) kacindekan, (2) implikasi, jeung (3) rekoméndasi.

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran dina bab IV ieu panalungtikan miboga kacindekan saperti ieu di handap.

1. Kamampuh maca warta siswa kelas VIII H SMPN 40 Bandung taun ajar 2022/2023 saméméh ngalarapkeun modél *PjBL* binarung média sosial *TikTok* kagolong “sedeng” kalawan rata-rata peunteun 53,57. Tina 28 siswa, aya 0 siswa kaasup kana katégori “kurang pisan” kalawan peunteun 0-25, 3 siswa kaasup kana katégori “kurang” kalawan peunteun 26-40, 18 siswa kaasup kana katégori “sedeng” kalawan peunteun 41-60, 7 siswa kaasup kana katégori “hadé” kalawan peunteun 61-80, sarta 0 siswa kaasup kana katégori “hadé pisan” kalawan peunteun 81-100. Dumasar kana opat aspék nu dipeunteun diantarana, a) aspék lentong kagolong “kurang” kalawan rata-rata peunteun 2,64 tina skor maksimal 5; b) aspék artikulasi kagolong “kurang” kalawan rata-rata peunteun 2,57 tina skor maksimal 5; c) aspék témpo kagolong “kurang” kalawan rata-rata peunteun 2,92 tina skor maksimal 5; sarta d) aspék ékspresi kagolong “kurang” kalawan rata-rata peunteun 2,5 tina skor maksimal 5.
2. Kamampuh siswa kelas VIII H SMPN 40 Bandung dina maca warta sabada ngalarapkeun modél *PjBL* binarung média sosial *TikTok* kaasup kana katégori “hadé”, rata-rata peunteunna nyaéta 76,25. Tina 28 siswa, aya 0 siswa nu kaasup kana katégori “kurang pisan” kalawan peunteun 0-25, 0 siswa kaasup kana katégori “kurang” kalawan peunteun 26-40, 0 siswa kaasup kana katégori “sedeng” kalawan peunteun 41-60, 23 siswa kaasup kana katégori “hadé” kalawan peunteun 61-80, sarta 5 siswa kaasup kana katégori “hadé pisan” kalawan peunteun 81-100. Dumasar kana opat aspék nu dipeunteun diantarana, a) aspék lentong kagolong “sedeng” kalawan rata-rata peunteun 3,89 tina skor maksimal 5; b) aspék artikulasi kagolong “sedeng” kalawan rata-rata peunteun 3,67 tina skor maksimal 5; c) aspék témpo kagolong “hadé” kalawan rata-rata

peunteun 4,14 tina skor maksimal 5; sarta d) aspék éksprési kagolong "sedeng" kalawan rata-rata peunteun 3,53 tina skor maksimal 5.

3. Aya béda anu signifikan antara kamampuh maca warta siswa kelas VIII H SMPN 40 Bandung taun ajar 2022/2023 saméméh jeung sabada ngalarapkeun modél *PjBL* binarung média sosial *TikTok*. Ieu hal saluyu jeung hasil tina uji sipat data anu ngawengku uji normalitas jeung uji hipotésis. Dumasar kana hasil itungan uji normalitas *Shapiro-Wilk* data *pretest* ngahasilkeun niléy signifikansi (sig) 0,007 sedengkeun data *posttest* ngahasilkeun niléy signifikansi (sig) 0,041. Katitén yén hasil uji normalitas data *pretest* jeung *posttest* ngahasilkeun signifikansi (sig) $< 0,05$ anu hartina data dina ieu panalungtikan miboga distribusi teu normal. Salian ti éta, uji *non-parametrik* anu ngagunakeun uji *Wilcoxon* ngahasilkeun niléy *Asymp.Sig. (2-tailed)* 0,000 atawa *Asymp.Sig. (2-tailed)* $< 0,05$. Anu hartina, aya béda anu signifikan antara kamampuh maca warta siswa kelas VIII H SMPN 40 Bandung taun ajar 2022/2023 saméméh jeung sabada ngalarapkeun modél *PjBL* binarung média sosial *TikTok*. Kacindekanana, ieu modél *PjBL* anu dibarung ku média sosial *TikTok* téh cocog jeung éféktif pikeun digunakeun dina pangajaran maca warta siswa kelas VIII H SMPN 40 Bandung taun ajar 2022/2023.

5.2 Implikasi

Modél *PjBL* binarung média sosial *TikTok* dilarapkeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca warta miboga implikasi yén ieu modél *PjBL* binarung média sosial *TikTok* téh bisa ditarima ku siswa kalawan hadé. Digunakeunana média sosial *TikTok* jadi salasahiji cara pikeun ngahudang sumanget siswa dina diajar, hususna dina pangajaran maca warta anu merlukeun kawataner pikeun siswa nalika prakték macana, sarta ngahontal tujuan jeung kompeténsi dasarna kalawan luyu jeung aspék-aspék nu dipenteunna nyaéta lentong, artikulasi, témpo jeung éksprési. Salian ti éta, ieu média sosial *TikTok* téh bisa jadi inovasi anyar pikeun nepikeun pangajaran sangkan kagiatan diajar leuwih éféktif jeung interaktif.

5.3 Rékoméndasi

Tina ieu hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun, aya sababaraha rékoméndasi sangkan panalungtikan anu satuluyna bisa leuwih hadé sarta aya kamajuan dina prosés diajar ngajar, diantarana saperti ieu di handap.

1. Dumasar kana hasil panalungtikan, ieu modél *PjBL* binarung média sosial *TikTok* téh cocog jeung éféktif digunakeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina maca warta. Ku kituna, ieu Modél *PjBL* binarung média sosial *TikTok* bisa digunakeun ku guru pikeun pangajaran maca warta.
2. Salian ti pangajaran warta, ieu média sosial *TikTok* ogé bisa digunakeun dina matéri kasundaan séjénna sangkan média sosial bisa euyeub ku kontén-kontén anu positif hususna pangajaran basa Sunda. Kalawan ngagunakeun métode jeung téhnik anu tepat, sarta nyaluyukeun ogé jeung kasiapan siswa saumpama matéri ajarna patali jeung prakték dina média sosial *TikTok*-na langsung.